

## **BAB I BUBUKA**

### **1.1 Kasang Tukang Panalungtikan**

Karya sastra bisa ngagambarkeun kahirupan manusa jeung alam sabudeureunana. Karya sastra ogé mangrupa bagian nu penting pikeun kahirupan masarakat hususna pikeun barudak. Sabab dina karya sastra bisa ngaguar ajén-ajén atikan nu mangpaat pikeun nu macana. Jaman kiwari ajén atikan nu aya dina karya sastra budak dianggap kurang kaguar, sarta pamahaman masarakat kana hasil karya sastra téh masih kurang. Padahal dina karya sastra saupama diteuleuman tina rupa-rupa aspék nu kasampak, hususna bacaeun pikeun barudak, loba pisan ku ajén-ajén atikan karakter nu bisa dijadikeun bahan pangajaran pikeun masarakat hususna pikeun barudak.

Karya sastra ogé mangrupa tempat pikeun ngolah ide dina wangun tulisan nu eusina euyeub ku ajén-ajén éstétika. Karya sastra nya éta karya seni nu dicipta salawasna napak dina usaha ngolah unsur-unsur éstétis (kaéndahan sastra), kaasup fungsina atawa makéna basa (Isnendes, 2010, kc. 12).

Hiji karya sastra kudu bisa ngahasikeun kréasi nu éndah sabab dina karya sastra di jerona ngawengku élmu pangaweruh, pamikiran, wawasan, kayakinan jeung pangalaman fisik sarta unsur imajinasi pangarang. Loba pisan mangpaat karya sastra pikeun kahirupan, sabab ku ayana karya sastra bisa méré kasadaran pikeun nu maca ngeunaan kahirupan sanajan dicontokeunana ngaliwatan wangun imajinasi/fiksi.

Dina kasusastraan Sunda aya sawatara karya nu kagolong kana karya sastra budak, tur sangkan éta karya téh tuluy mekar, diayakeun panghargaan Hadiah Samsodi ti Yayasan Kabudayaan Rancagé unggal taunna. Kategori pikeun Hadiah Samsodi nyaéta karya sastra nu dianggap puncak jeung nyongcolang. Saperti dina taun 2018 karya sastra budak nu dilélér Hadiah Samsodi téh kumpulan carpon *Ulin di Monumén* karya Tétti Hodijah.

Dumasar éta tinimbangan, ieu panalungtikan téh ngagunakeun éta kumpulan carpon, sabab eusina hadé pisan tur luyu jeung kahirupan barudak. Tuluy di jerona ogé réa pisan ku ajén atikan anu bisa dijadikeun conto pikeun barudak jeung méré amanat nu réalistik ngeunaan kahirupan sapopoé ngaliwatan

caritana. Ku kituna wajar pisan upama kumpulan carpon *Ulin di Monumén* dilélér Hadiah Samsodi. Buku *Ulin di Monumén* kaasup kana katégori carpon sabab di jerona aya sababaraha judul jeung dina tiap judulna ngan nyaritakeun hiji masalah nu ditulis sacara singket henteu nepi ka detail saperti dina novel.

Carpon nyaéta salah sahiji karya sastra tina wangun lancar. Nurutkeun Puspitasari (2017, kc. 251) carpon nyaéta karya fiksi wangun prosa nu ngajéntrékeun hiji masalah nu ditulis sacara singkat jeung padet tur diwangun ku sababaraha komponén, nyaéta téma, alur, latar, panokohan, puseur implengan, amanat, jeung gaya basa. Nurutkeun Sugiarto dina (Maryanti & Sujiana, 2018) carpon mangrupa karya fiksi wangun prosa nu bérés dibaca dina “sakali diuk”. Ku kituna, ukuran panjang pondokna hiji carita relatif pisan. Sedengkeun nurutkeun Stanton (2019, kc. 76) wangun carpon kudu padet atawa jumlah kecap dina carpon kudu leuwih saeutik tibatan jumlah kecap dina novel, sarta dijeron pangarang kudu bisa nyiptakeun karakter-karakter jeung paripolah nu saluyu jeung watekna dina éta carita.

Péso anu digunakeun pikeun nganalisis unsur intrinsik dina carpon nyaéta ngagunakeun pamarekan struktural. Nurutkeun Isnéndés, spk (2018, kc. 74) strukturalisme mangrupa pamarekan nu dilarapkeun kana karya sastra anu miboga sipat otonom. Hartina pikeun maham atawa ngainterpretasi hiji karya sastra kudu miboga struktur pangwangun anu gembleng jeung aya unsur-unsur pangrojongna. Sedengkeun nurutkeun Beardsley via Teeuw (dina Sukarto, 2018) pikeun maham karya sastra, kudu kucara diulik strukturna, di luar dirina jeung niat panulis, sarta kudu leupas tina efek nu maca. Stanton (2019) ngawincik struktur nu ngawangun carpon jadi tilu bagian, nyaéta téma, fakta carita (galur, karakter, latar), jeung sarana sastra (judul, puseur implengan, gaya basa).

Patali jeung wangenan carpon nurutkeun Stanton yén dina carpon téh bisa nyiptakeun karakter-karakter. Tah dina ieu karakter-karakter nu aya dina carpon téh bakal dipedar leuwih jero ngeunaan ajén atikanna, hususna nu aya dina kumpulan carpon budak *Ulin di Monumén* sabab bisa dijadikeun bahan pangajaran nu mangpaat pikeun masarakat hususna barudak.

Isnendes & Ucu (2013, kc. 92) nétélakeun yén sikep, sipat, karakter, jeung kapribadian ngumpul dina moralitas kapribadian masarakat Sunda, saluyu kana

sawangan para ahli nu ngagambarkeun dina karya sastra, yén masarakat Sunda nu resep nulungan, toléran, taat kana agama, surti, saayana, tanggung jawab, gedé wawanén, soméah, resep banyol najan kalan neuteuli, agrésisif jeung pundungan, éta hal bisa diréfléksikeun ku karya sastra. Nurutkeun Samrin (2016) karakter téh identik jeung ahlak, étika, sarta moral, nepi ka bisa diartikeun ajén-inajén paripolah manusa nu universal ngaliwatan sakabéh aktivitas manusa dina raraga hubungan jeung pangéran, dirina sorangan, papada manusa, jeung lingkungan sabudeureunana, nu ngawujud dina pikiran, sikep, perasaan, ucapan, jeung paripolah dumasar norma-norma agama, hukum, tatakrama, budaya, jeung adat istiadat.

Kementrian Pendidikan Nasional nétélakeun aya 18 ajén atikan karakter, nu ngawengku: 1) *religius*; 2) *jujur*; 3) *toleransi*; 4) *disiplin*; 5) *kerja keras*; 6) *kreatif*; 7) *mandiri*; 8) *demokratis*; 9) *rasa ingin tahu*; 10) *semangat kebangsaan*; 11) *mencintai tanah air*; 12) *menghargai prestasi*; 13) *bersahabat/komunikatif*; 14) *cinta damai*; 15) *gemar membaca*; 16) *peduli lingkungan*; 17) *peduli sosial*; dan 18) *tanggung jawab* (dina Baginda, 2018).

Pakait jeung panalungtikan nu geus dilaksanakeun, can aya nu kungsi nalungtik kumpulan carpon *Ulin di Monumén* karya Tetty Hodijah nu medar atawa nganalisis ngeunaan ajén atikan karakterna. Anapon aya nu medar ngeunaan ajén atikan karakterna tapi béda judul carpon. Ieu di handap aya sababaraha panalungtikan di Departemen Pendidikan Bahasa Sunda (DPBS) UPI nu panalungtikanna ampir sarua di antarana waé: (1) ” Ajén Atikan Karakter dina Kumpulan Carita Pondok Kembang-Kembang nu Mangkak” (Ulikan Struktural) ku Siti Amellia Riyadi 2020; (2) “ Ajén Atikan Karakter dina Novelét Barudak Pohaci Nawang Wulan Karya Ai Rohmawati” (Ulikan Struktural jeung Psikologi Perkembangan) ku Meli Nurul Maliah taun 2020; (3) “Konflik Batin Tokoh Utama dina Novél Pangantén Karya Dédén Abdul Aziz” (Ulikan Struktural jeung Psikologi Kapribadian Humanistik) ku Ane Ainun Nurlaela taun 2021 (4)“Struktur jeung Ajén Atikan Karakter dina Naskah Purna Drama “Rawayan ti Pajajaran” Karya Yoseph Iskandar” Ku Dani Irwansyah taun 2021; (5) “Novél Kasambet Karya Ahmad Bakri pikeun Bahan Pangajaran Maca Novél di SMP (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik)” ku Memed Munandar taun 2021; (6)

“Aspék Sosial dina Kumpulan Carita Budak *Ulin di Monumén* Karya Tétti Hodijah (Ulikan Objéktif, Mimétik, jeung Pragmatik)” Ku Kurnia Sari 2019; (7) “Ajén Atikan Karakter dina Novel *Carita Budak Minggat* Karya Samsodi pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMP Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik” ku Nisa Nurazizah dina taun 2016; jeung 8) “Karakteristik Tokoh Utama dina Novel Budak Minggat Karya Samsodi pikeun Bahan Pangajaran Maca Novel di SMA Ulikan Struktural jeung Psikologi Perkembangan” ku Tegas Resta Natura 2020.

Sanajan geus aya panalungtikan nu medar ngeunaan kumpulan carpon *Ulin di Monumén*, tapi ulikan atawa jihat sawanganana béda, dina skripsi nu geus ditalungtik nyaéta ngeunaan “Aspék Sosial dina Kumpulan Carita Budak Ulin di Monumén Karya Tétti Hodijah (Ulikan Objéktif, Mimétik, jeung Pragmatik)” Ku Kurnia Sari (2019) sedengkeun dina ieu panalungtikan mah nyaéta ngeunaan ajén atikan karakter ngagunakeun ulikan struktural. Katitén tina sababaraha hasil panalungtikan nu geus aya, can aya nu husus medar ngeunaan ajén atikan karakter dina kumpulan carpon *Ulin di Monumén*.

Pentingna ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun mikanyaho ajén atikan naon waé nu aya dina carpon *Ulin di Monumén*. Tuluy tina ajén-ajén karakter nu aya dina éta kumpulan carpon dipiharep bisa méré pangaweruh jeung pangajaran nu kawilang hadé pikeun barudak. Ku kituna dumasar sababaraha hal anu geus dijéntrékeun di luhur, ieu panalungtikan téh dijudulan “Struktur Carita jeung Ajén Atikan Karakter dina Kumpulan Carpon *Ulin di Monumén* Karya Tétti Hodijah”.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan masalah**

Saluyu jeung nu geus ditegeskeun yén dina karya sastra téh nyangkaruk rupaning ajén-ajén kahirupan, sarta nu disebut kumpulan carpon budak téh nyaéta carpon nu ngandung picontoeun pikeun nu macana (barudak). Ku kituna dina ieu panalungtikan téh medar ngeunaan ajén atikan karakter nu aya dina kumpulan carpon *Ulin di Monumén*. Pikeun ngaguar ajén atikan nu aya dina éta carpon, bakal digunakeun pamarekan struktural nurutkeun teori Stanton (2019) nyaéta

téma, fakta carita (galur, karakter, latar), jeung sarana sastra (judul, puseur implengan, gaya basa).

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya di handap.

- a. Kumaha struktur carita (téma, fakta carita, sarana sastra) nu nyampak dina kumpulan carpon *Ulin di Monumén* karya Tetti Hodijah?
- b. Ajén atikan karakter naon waé nu nyampak dina kumpulan carpon *Ulin di Monumén* karya Tetti Hodijah?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

### 1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum tujuan ieu panalungtikan nyaéta pikeun manggihan jeung ngadéskrripsikeun 18 ajén atikan karakter nurutkeun Kementrian Pendidikan Nasional nu aya dina kumpulan carpon *Ulin di Monumén*.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Anapon tujuan husus dina ieu panalungtikan pikeun ngadéskrripsikeun:

- a. Struktur kumpulan carpon *Ulin di Monumén*;
- b. Ajén atikan karakter dina kumpulan carpon *Ulin di Monumén*.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan téh dipiharep bisa ngeuyeuban élmu pangaweruh hususna dina widang struktural jeung bisa méré sumbangan pikeun kamekaran ulikan sastra Sunda. Tuluy ieu panalungtikan bisa méré mangpaat pikeun kajian bacaan barudak anu aya patalina jeung unsur intrinsik sarta dijadikeun bahan rujukan pikeun panalungtikan satuluyna.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Panalungtikan ngeunaan “Struktur Carita jeung Ajén Atikan Karakter dina Kumpulan Carpon Ulin di Monumén Karya Tétti Hodijah” dipiharep bisa mantuan pamaca, boh masarakat umum boh mahasiswa, utamana ngeunaan ajén atikan karakter nu bisa mangaruhan kana karakter budak sangkan boga paripolah nu leuwih hadé. Ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa ngébréhkeun ajén kahirupan nu aya dina kumpulan carpon *Ulin di Monumén* karya Téty Hodijah.

### 1.4.3 Mangpaat tina Segi Kawijakan

Sanggeus ayana hasil panalungtikan dipiharep pamaréntah nu miboga wewenang dina widang atikan (Dinas Pendidikan atawa Badan Bahasa) bisa jadi bahan tinimbangan sangkan produksi buku-buku anu patali jeung budak nambahan leuwih loba, contona kawas buku carita ngeunaan atikan karakter.

### 1.4.4 Mangpaat tina Segi Aksi Sosial

Dipiharep hasil tina ieu panalungtikan bisa méré mangpaat pikeun kahirupan masarakat sangkan leuwih hadé paripolah barudak ku cara méré pangaweruh ngaliwatan karya sastra, sangkan ka hareupna bisa nyegah atawa nyingkahan sagala hal anu bisa nyababkeun karugian sacara moril jeung matéril.

## 1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab. Dina raraga tulisan téh diwincik jadi kieu:

BAB I ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, watesan masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan sacara sistematis.

BAB II Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir. Eusina ngawengku tiori-tiori jeung konsép anu jadi dasar dina panalungtikan. Pedaran ngeunaan tiori jeung konsép struktural, sarta tiori ajén atikan karakter, anu jadi péso pikeun ngajawab rumusan masalah. Lian ti éta aya ogé panalungtikan saméméhna anu jadi pangdeudeul kana ieu panalungtikan. Raraga Mikir ogé miboga fungsi pikeun maham konsép pamikiran pikeun panalungtik.

BAB III Méthode Panalungtikan. Nu eusina; desain panalungtikan, instrument panalungtikan, sumber data, jeung analisis data.

BAB IV ngébréhkeun hasil analisis nu mangrupa jawaban tina rumusan masalah, nyaéta ngadéskripsikeun ngeunaan struktur carita jeung ajén atikan karakter dina kumpulan carpon *Ulin di Monumén* karya Tetty Hodijah.

BAB V ngawengku kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi. Dina ieu bab, panalungtik nepikeun kacindekan tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun sarta méré rékoméndasi pikeun panalungtik kahareupna sangkan langkung mekar deui.